# *KUTUNGAMIRIRWA*

[Boka revana vanoimba *Chinamato Chenguva Yekare*—Mupepeti.] Ichokwadi munacho. Kana chakakunakirai imi mose, chakatinakira isuwo, zvakare.

2 [Imwe hama inoti, "Iye zvino vanopa chipo chavo kwamuri."—Mupepeti.] Ini zvangu, chakaisvonaka. [Vana vanopa Hama Branham chipo.] Maita henyu. [Imwe hanzvadzi inoti, "Chinongori chipo chiduku, Hama Branham, vana vakachengeta makobiri netumari twavo. Zvino . . .?. . . "] Maita henyu. Mazviita, hama yangu duku. Maita henyu, vana. Ndinokutendai zvechokwadi, zvikuru, zvikuru-kuru kwazvo. Uye Mwari vakuropafadzei.

3 Munoziva, Jesu akati, "Nokudaro sokupa kwamakaita kumudukusa weava, wazviitira kwaNdiri." Maona? Ndimi varume nemadzimai amangwana. Kana paine ramangwana, muchange muripo.

4 Ndawana kobiri. Waita hako zvikuru mudikani. Ndoizarura here? [Hama Branham vanozarura chipo ndokuverenga kadhi—Mupepeti.] Machigadzira zvakaisvonaka kwazvo, zvakati omei ku . . . o ini zvangu, chakaisvonaka. Sekuru vanofanira kutora magirazi avo, munoziva: "Kutenda mune . . . tsanga yembeu yemastadhi . . . Mharidzo yenyu . . . "

Hazvitapire here izvi? Maona? O, zvangu, ini zvangu! Handifarire kuti imi mundipe izvi. "Hama Branham vanodikanwa, O, muri shamwari yakanaka kwazvo. Tine tariro yekuti mu—mucharopafadzwa nezvinhu zvose zvamawana. Tinokudai; mumufaro wose uyu; nesimba, Ishe Jesu anodikanwa akuropafadzei zvikuru."

O, zvakaisvonaka kwazvo. Waita hako, mudikanwi, mumwe nomumwe wenyu. Zvakaisvonaka kwazvo.

[Imwe hama inoti, "Hama Branham, ndinotenda kuti munobvuma kuti tine mudzidzisi weSunday School akanaka."—Mupepeti.]

Ichokwadi munaye. (Ingondibatira ichi, Billy.) Zvino, chakanyatsoitwa, zvakanaka kwazvo, handifarire kuchisunungura. Chakanaka zvikuru. Ndine chokwadi kuti mumwe wevanaamai ndiye aita izvi. Ndizvozvo here? [Hama Branham vanozarura chimwe chipo—Mupepeti.] Huh? Zvakanaka, ndinotofanira . . . Hachisvetukire kunze? O, ini zvangu. O. O, ini zvangu. Zvinoisvotapira . . . ?. . . tichaenda nacho. Leo, achanetseka kuti anobva kumhuri ipi. Akachiisa mumufanidzo wese. Zvakaisvonaka kwazvo.

Zvino, vana, ndiyo nyanga yezvakawanda uye ndichaitora ndonoirembedza muimba yedu itsva. Uye ndinofunga kuti pose pa—patichange tiine musha tichava nacho serangaridzo yeSunday School ino duku pano paPrescott. Ndinopa kutenda kunaMwari, kupa kutenda kunaShe nokuda kwezvose; uye ndinopa kutenda kunaMwari nokuda kwevakomana nevasikana vaduku vakanaka zvakadai sezvamuri mose. Kungondifungawo munguva ino—ino. Mwari vakuropafadzei mose. Mazviita zvikuru, hongu, chakaisvonakisa zvikuru. Kufemera, ndiko kwacho chaiko kwatiri kuda, chimwe chinhu chakadaro. Tanga tisiri here?

[Imwe hama inotaura—Mupepeti.] Zvakanaka.

[Imwe hama inoti zvekuimba zvakatozorongwa pakupedzisira.] Ndipo pazviri nani.

[Rimwe boka rehanzvadzi rinoimba *Kudzika Achibva Mukubwinya KwaKe*, zvino ungano inozopindira.]

O ndinoMuda zvakadini! Ndinomuyemura zvakadini!
Kufema kwangu, mushana wangu, zvose munazvose!
Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

[Hanzvadzi dzinoenderera mberi dzichiimba korasi ya *Kudzika Achibva Mukubwinya KwaKe*. Imwe hama inotungamira muna *Tenda Chete*—Mupepeti.]

. . . tenda chete,
Zvose zvinogoneka, tenda chete;
Tenda chete, tenda chete,
Zvose zvinogoneka, tenda chete.

Ndinotenda kuti ndinogona kuparidza maawa mana zvino, mushure mezvose izvi. Ndanga ndava kutanga kufunga kuti ndanga ndave kuneta. Ndosaka imi vasikana vaduku muchigona kuimba zvakanaka kwazvo, imi vasikana vaduku nemi vakomana vaduku; teererai kuimba kunoita vakoma venyu vakuru, pamwe navanaamai venyu, vaimbi vanoshamisa. Zvakaisvonaka kwazvo. Ndiyani musikana uyu muduku atungamira chimbo chiya, handiwe here musikana muduku wandasangana naye necheuko? Zvirokwazvo une inzwi rakaisvonaka; imi mose. Munongo . . . Ndinotenda kuti kwanga kuri, kuimba kwakanakisisa kwandati ndambonzwa, kuri ipo pano. Imi mose munochidzidzira nguva dzose? [Imwe hama inoti, "Kwete. Ndiwo maimbiro atinoita."—Mupepeti.] Saka, rega ndikutaurire, imi—imi zvirokwazvo makaropafadzwa nekuimba chaiko kwakanaka.

5 Ndinofarira kuimba kwakanaka. Ndinongofarira kuimba chaiko kwakanaka. Ndagara ndichiti, kana ndasvika

Kudenga ndinoda kuenda kwavanenge vachiimba, ndoteerera. Handitombofi ndakasvika pandingati ndaguta kuimba.

6 Munoziva, kuimba kunopa hushingi. Munozviziva, handiti? Masoja, paanenge ari kuenda kunorwa, munoziva zvavanoita? Vanoridza mumhanzi pamwe nokuimba, nezvinhu kuti zvivape kushinga. Zvino kana isu tiri kuenda kunorwa, tinoimba, uye—uye zvinotipa kushinga kuti tienderere mberi.

7 Ndinokutendai imi vaduku nokuda kwechipo icho chakanaka. Uye chaka . . . Amai Branham, uye kubva kunaRebekah, naJoseph, naSarah, nesu tose, tinokutendai zvikuru. Zvakaoma kuzvitaura, matauriro andingaita kune vaduku ava, "Kwete. Makachengeta makobiri enyu. Ha—handidi kuchitora." Munoziva manzwiro andinoita, handidi kuchitora. Asi zvakadaro ndatarisa mukati umu zvino vanga vaine gumi remadhora mukadhi iri. Ndafunga, "Ndingaitorawo here?" Ndafunga, "Ko ndingazviitawo sei?"

8 Asi ndinorangarira imwe nyaya duku yandinoda kuti muzive. Rimwe zuva paiva nemudzimai aiva shirikadzi, aiva nevana vakawanda, zvichida vake . . . baba vevana vaduku ava vakanga vafa. Zvino iye akanga aine makobiri maviri oga. Zvino akauya achidzika nemugwagwa, imwe nguva . . . Zvino yaiva mari yechegumi, angori makobiri seamachengeta imi mose, zvino akaakandira muhomwe inoiswa mupiro waMwari. Jesu akanga akamira ipapo, akamutarisa. Zvino ndakafunga, "Chii chandigadai ndakaita dai ndainge ndakamira ipapo?" Zvichida ndaigona kumhanyira ipapo ndoti, "Kwete, kwete, hanzvadzi, musadaro. Isu—isu, chaizvo-izvo hatisi kunyatsoida. Munoida kuitira vana." Maona? Zvino, ndingadai ndisina kumutendera kuzviita. Asi Jesu akamurega achizviita. Munoona, Akamurega achizviita. Sei? Anoziva kuti kupa kunoropafadza kudarika kugamuchira. Aiziva zvaaizomuitira, munoona.

Saka ndinokutendai imi vaduku, nemoyo wangu wose.

9 Ndinoda kutenda mumwe nomumwe wenyu, nokuda kwenguva ino yakanaka yekuyanana, Hama Leo naGene. Aya zvirokwazvo ava mazuva matatu kwandiri, okunamata. Kunyange kunze musango, pandinoedza kuzvisunungura ndofunga kuti ndiri kuvhima, ini neimwe nzira kana zvakadaro, ndinokutarisai ndokunzwai muchitaura. Ndava nemukana masikati ano wokushanyira dzimba dzenyu. Handisati ndamboona, chero yandapinda, ndichaidana kuti musha, kwandati ndamboona dzimba nevanhu vakachena, vakanaka, uye noruremekedzo rwakakura kunaKristu neEvhangeri. Hakuna kwanda—ndakambozviona. Zvino manyatsotangira panzira kwayo, chingorambai muchienda mberi zvino Mwari achange ainemi. Uye ndakwanisa kuona vamwe venyu. Ndakaona, pane rimwe zuva, hanzvadzi idzi, ndanga ndisingatombovazivi, nokuti zvoga zvandanga ndiri kungoona

ndeapa nechepamaziso avo nemhuno, zvichibva pasi peimwe yenguwani idzo dzechando. Uye zvino ndinotenda kuti ndave kukuzivai zviri nani, kubudikidza nekutendera kweHama Leo naGene, vakanditenderedza kwese ndikashanyira dzimba dzenyu; uye ndokukwanisa kukwazisana chishanu neva—vana vaduku, vaporofita nevaporofitakadzi vemuzera riri kuuya, ndokunge kana kuine rimwe zera richauya.

10 Munoziva, Jesu anoda vana vaduku. Munoziva, Anoda. Zvino paiva nemumwe mukomana muduku, imwe nguva, ainzi Mosesi, tiri kuzotaura nezvake munguva shoma. Zvino akanga akanaka kwazvo . . . Munoziva chakamuita, chakabatsira kuti aite mukomana akanaka? Aiva naamai vakanaka vakamurera. Maona, ndizvo zvacho. Vakamudzidzisa nezvaIshe. Zvino imi vakomana vaduku nevasikana mune anamai vakadaro kukurerai, kukudzidzisai nezvaIshe. Ingovateererai.

11 Munozivei, munoziva here Murairo wekutanga uri muBhaibheri, Murairo wekutanga une vimbiso, une vimbiso? Pamwe zvakati omararei zvishoma kuti munzwisise Mirairo iyi. Murairo wekutanga, ndewekuti, "Usava nemumwe Mwari kunze kwaKe." Asi Murairo mukuru . . . Zvino Murairo wekutanga une vimbiso pauri, munoona, uri kuvana. Manga muchizviziva here? Munoona, Akati, "Vana, teererai vabereki venyu, zvinogona kuwedzera mazuva enyu panyika, ayo Ishe Mwari wenyu akakupai." Kuteerera vabereki venyu uye nokuita zvamuri kuita, zvinogona kukupai upenyu hwakareba panyika, uhwo hwamakapiwa naShe, nguva yakawedzerwa yekuMushumira.

12 Ndine tariro, nhasi, kuti ndakatarisa boka revaparidzi nevaimbi nevavhangeri vemuzuva riri kuzouya, ndokunge kana paine zuva mushure meredu.

13 Zvino panongori nechinhu chimwe chete kumusoro kuno, mu—munouraya munhu nekumubata zvakanaka. Ndadya kusvikira ndisisagone kudya, uye ini—uye ini handisati ndakambobatwa zvakadai. Dai ndanga ndiri Ngirozi, yadonha kubva Kudenga, handaimbobatwa zvakanaka zvinodarika izvi. Chinhu choga chandinogona kutaura kwamuri, kuti, "Maita henyu." Zvino kana uri zasi kuTucson, ndinogona kutadza kukubata zvakanaka zvakadai, nokuti handizive maitiro; handina tsika dzacho dzekuzviita, asi ndichaita zvakanakisisa sokukwanisa kwangu. Uyai zasi ikoko.

14 Hama neHanzvadzi Shantz, ndinoda chaizvo kuvatenda. Uye ndawana mukana wekusangana netsvarakadenga, mwanasikana wenyu wechidiki, nemwanakomana, masikati ano. Uye—uye nokutiita kuti tive nemusha wavo pano wakazaruka kuti tishumire. Paiva nezvinhu zvakadai zvaiitika muzuva reBhaibheri, munoziva, kuti Evhangeri rai . . . Ndinoziva kuti zvinoita sezvinhu zviduku. Isu, tinofunga kuti hazvisi. Asi

izvi zvakangofanana sokunge Mwari . . . kunaMwari, sezvavaiva muzuva iroro.

15 Rangarirai, kana pakava nemamwezve makore akawanda, vanozotarisa kumashure kuno voti, "Dai ndakangorarama hangu pamazuva ayo euko paPrescott! Dai ndakangorarama . . . " Maona? Iye zvino tiri kurarama muzuva iroro. Maona? Zvadaro tinosvika kumagumo enzira, zvino tomirira mubairo wedu paZuva guru.

16 Iye zvino tave kuzarura Shoko raMwari nokuverenga. Asi tisati tadaro, ngatitaurei naYe kwechinguvana.

17 Jesu anodikanwa, handikwanise kutaura manzwiro angu—angu pamwe nokutenda kwangu kune Hama Mercier, Hama Goad, nevanhu vose ava vakanaka nevana vavo vaduku, uye nemutsa wavakatiratidza pose patanga tiri pano. Mutsa uyu unodarika chero chatanga tichitarisira. Uye tinoziva kuti vanga vaine rudo vachitapira. Asi hatina kuziva kuti tanga tichazobatwa nenzira yehumambo yakadai. Uye, Ishe, ndinonamata kuti Hupo hweNyu nguva dzose hunge huri muboka rino revanhu, Mweya Mutsvene agozadza moyo wese pano, uye Mugovapa Upenyu Usingaperi. Uye dai isu, patiri kunakidzwa nhasi, dai pakava neZuva risina magumo iro patichasangana muHupo hwaIye Uyo watiri kunamata uye nokuda, nokupa rumbidzo yose nokuda kwezvinhu izvi. Kusvikira panguva iyi, Ishe, tichengetedzei takatendeka kwaAri nekuShoko raKe. NemuZita raJesu tanamata. Ameni.

18 Iye zvino, ndava nemi kwenguva refu mangwanani ano, ndichaedza kunyatsokurumidza masikati ano, uye ndigotaura nenzira yekuti zvimwe kuda kuvana vaduku, nekuvanhu vakuru vanonzwisisawo, zvakare.

19 Ndiri kuda kuverenga Gwa—Gwaro pano, rinowanikwa muBhuku raMutsvene Marko, ndinoda kuverenga kubva pandima 17 yechitsauko 10 chaMutsvene Marko, chidimbu.

> *Zvino akati achibuda kunzira, mumwe akamhanyira kwaari, akapfugama pamberi pake akamubvunza, achiti, Mudzidzisi Wakanaka, ndingaiteiwo kuti ndigare nhaka youpenyu husingaperi?*
>
> Zvino *Jesu akati kwaari, Unondiidzireiko wakanaka? hakuna wakanaka asi mumwe chete,* uye *iye, Mwari.*
>
> *Mirairo unoiziva, Usaita upombwe, Usauraya, Usaba, Usapupura nhema, Usanyengera, Kudza baba vako namai vako.*
>
> Zvino akapindura *akati kwaari, Mudzidzisi, izvi zvose* ndakazviita, ndakazviteerera, *ndakazvichengeta (*waro*) kubva pahuduku hwangu.*
>
> *Jesu akamutarisa akamuda,* mujaya uyu*; akati* iye *kwaari, Unoshaiwa chinhu chimwe chete: enda,*

*utengese zvose zvaunazvo, upe varombo, uve* nehupfumi *kudenga: ugouya,* utore muchinjikwa wako*, unditevere.*

*Asi wakasviba moyo neshoko* iri*, akaenda neshungu: nokuti akanga ane pfuma zhinji.*

20 Zvino kuvana, nekuvakuru nevose, ndiri kuda kuita kuti Mharidzo duku iyi ive mumwaka sokukwanisa kwangu, uye nokukasika kwandingagona. Zvino ndiri kuda kutora semusoro wenyaya, "Nditevere," uye ndiri kutora sechidzidzo: *Kutungamirirwa*. Tevera, mumwe munhu achitungamira; *Kutungamirirwa*, uye "Nditevere." Vaduku, vanhu, va . . .

21 Rangarirai kuti, nhano yokutanga ani naani wedu yaakaita, mumwe munhu akatitungamira. Imi vanaami munorangarira nhano dzokutanga idzo kakomana nekasikana kaduku dzavakaita, uye havachazvirangariri zvachose. Asi mumwe munhu akakutungamira kunhano yako yokutanga. Ndinorangarira Billy Paul paakaita nhano yake yokutanga, Joseph nevamwe vose, pavakaita nhano yavo yokutanga.

22 Kazhinji amai ndivo vanotungamira mwana kunhano yake yokutanga, nokuti vari kumba apo baba pavanenge vari kunze vachishanda, vachiedza kuti vawane chinovararamisa. Asi, ndipo, pavanoita nhano yavo yokutanga. Zvino panguva dzemanheru pavanouya, baba, vanogara vachitaura. "O, baba," mudzimai anoti, "Johnny naMary," kakomana kaduku kana kasikana, "ave kugona kufamba! Uyai muone!" Uye ingori nhano imwe chete, pamwe amai vaitozobata; aitozobata munwe waamai, nokuti wainge uchine kahutera, uye zvichiita sokunge wakatendeukira kune rimwe divi, munoziva, wombodonha zvishoma. Saka waitobatirira paruwoko rwaamai, kuti uite nhano yako yokutanga.

23 Zvino, mumwe munhu akakubatsira, pawakaita nhano yako yokutanga. Uye nhano yako—yako yokupedzisira yauchazoita muupenyu, mumwe munhu achange achikutungamira. Munoona, ndizvo chaizvo. Ndiri kuda kuti muzvirangarire. Nhano yako yokutanga, mumwe munhu akakutungamira. Uye nhano yako yokupedzisira, mumwe munhu achange achikutungamira.

24 Tinofanira kutungamirirwa. Munoziva, Mwari vanotifananidza nemakwai. Zvino manga muchiziva here kuti hwai haikwanise kuzvitungamira? Inorasika yobva yatetereka, uye hai—ikwanise zvachose kuzvitungamira. Zvino inofanira kuva nemumwe munhu anoitungamira. Uye dzimwe nguva . . . Mufudzi ndiye anofanira kutungamira makwai. Zvino ndiko kareko mumazuva aIshe Jesu, Aive Mufudzi akanaka aitungamira makwai.

25 Asi nhasi, munoona, tiri kurarama mune rimwe zuva, zvinhu zvose zvashanduka nokutsveyamiswa. Munoziva here kuti chii munhu chaanoshandisa kutungamira makwai nhasi? Mbudzi.

Uye munoziva here kuti mbudzi iyi inodzitungamira kupi? Chaimo mukati mechizarira munourairwa zvipfuwo. Idzi hwai duku hadzizivi kwadziri kuenda, nokudaro mbudzi inokwira muda—danga, mudenga muchizarira munourairwa zvipfuwo, zvino makwai hapana zvimwe zvaanoziva kunze kwekutevera mutungamiri, saka inoatungamira mukati chaimo mechizarira munourairwa zvipfuwo. Zvino mbudzi inosvetuka nepamusoro pedanga, zvino hwai dzinopinda mukati dzobva dzauraiwa. Munoona, mbudzi, mutungamiri asiri iye.

26 Asi Jesu, Mufudzi wakanaka uYo akatungamira makwai, Akaatungamira kuUpenyu nokubata ruwoko rwawo. Munoona, asi mumwe munhu anofanira kutungamira makwai.

27 Chokutanga itsiye nyoro dzaamai, tevere shoko rababa. Mushure mokunge amai vakupa nhano yako yokutanga, zvino unotarisira kunababa vako, isu tose, kuwana hungwaru, nokuti ndivo musoro wemusha. Uye kakawanda vano . . . kwete kuti vakangwara zvakadarika, asi a—akangoitwa musoro wemhuri yake, saka tinotevera zvinonzi nababa vedu tiite. Kana vakati, "Zvino, mwanangu, ndiri kuda kuti uite chimwe—chimwe chinhu," zvino tinoteerera kwavari nokuti hungwaru. Asi teerera, munoona, vakadzidza zvakawanda uye tinofanira kuvabvunza, kuti tione zvavakadzidza, uye zvadaro tinogona kubatsirikana nezvavo, zvavakadzidza. Vanotiudza, "Zvino usaenda kunoita *zvakati*, nokuti ndakazviita. Baba vangu vakandiudza kuti ndisazviite, asi ndakazviita, uye zvikakonzera *zvakati* kuti zviitike kwandiri, chimwe chinhu chakaipa." Saka, munoona, ticha . . . Zvino ivo, baba, vanotiudza maitiro acho, uye nezvacho zvokuita zvakanaka.

28 Zvino mushure mokunge amai vatitungamira, kusvika panguva iyo patinofanira kuwana huchenjeri hushoma, kuti tinzwisise, kubva kunababa, zvadaro tinowana mumwe. Tinowana mumwe mutungamiri, anova iye mudzidzisi, mudzidzisi akanaka wekuchikoro. Anoedza kukudzidzisa pamwe nokukupa fundo, kuti ukwane zviri nani muhupenyu, panzvimbo, panzvimbo yokuti unogona—unogona kuverenga Bhaibheri rako nekugona kuverenga dzimbo, unogona kudzidza nezvaMwari nekuverenga, pachako, munoona. Uye zvadaro, chimwe chinhu, pamwe unenge uine bhizimu, zvino mumwe munhu anokunyorera tsamba, amai, baba, mumwe munhu anokunyorera tsamba, haukwanise kuiverenga. Maona? Saka mudzidzisi, anewe zvino, zvino anokutungamira ku—ku—kunodzidza kunyora nokuverenga. Uye chinhu chakanaka, mudzidzisi akanaka, kukudzidzisa zvakanaka. Asi zvino mushure mokusiya izvozvo, iwe, mushure mokusiya mudzidzisi uyu, mudzidzisi mumwe achiteverwa nemumwe mudzidzisi, kubva kukireshi, kugiredhi rokutanga, zvichienda kusvika wabva chikoro chikuru kana kuenda kukoreji. Zvino kana wabva

kukoreji, zvino mudzidzisi anenge apedza kukutungamira. Maona?

29 Zvino, amai vakakudzidzisa kufamba, munoona. Baba vakakudzidzisa kuti uve nepfungwa dzakapinza uye mujaya akanaka, uye kuti unozvichengetedza sei uye nokuzvibata zvakanaka. Mudzidzisi akakudzidzisa dzidzo, kuti ugoverenga nokunyora. Asi zvino wave kusiya baba, wave kusiya amai, wave kusiya mudzidzisi, zvino mumwe anofanira kukutora kubva zvino zvichienda mberi. Zvino ndiyani waungada kuti akutore kubva zvino zvichienda mberi? [Mumwe mwana anoti, "Jesu."—Mupepeti.] Ndizvo chaizvo. Jesu, kukutora kubva zvino zvichienda mberi. Zvino, imhinduro yakanaka kwazvo, yakaisvonaka. Jesu anokutora kubva ipapo zvichienda mberi.

30 Zvino munoona muchinda wechidiki uyu watiri kutaura nezvake, anonzi jaya mupfumi aive mutongi. Zvino, muchinda uyu, akanga atungamirirwa zvakanaka kwazvo. Zvino, amai vake vakanga vamudzidzisa kufamba. Uye, munoona, akanga achiri murume wechidiki, zvichida achangobva chikoro chikuru, uye ari jaya raiva nemukurumbira. Uye nokudzidziswa zvakanaka, zvichida akafamba zvakanaka, nezvakadaro, semadzidzisirwo aakanga aitwa naamai vake.

31 Uye akanga ari mu—mujaya akabudirirawo, zvakare, nokuti, tarirai, akanga atopfuma kare. Uye akanga achingori mu—mujaya, zvichida ane makore gumi nemasere okuberekwa, achangobva chikoro chikuru, uye aive akapfuma. Zvino, munoona, akanga aine mhando yakanakana yemudzidzisi uyo akamudzidzisa kufamba zvakanaka. Uye akanga aine mhando yakanaka yemudzidzisi, baba vake; kusvikira kunyange zvake aive achiri jaya akanga—akanga akapfuma nemari, akanga aita mari yakawanda. Aigona kunge akanga ari chaiye . . . Aive mutongi, kunyange pazera iroro, akabudirira zvikuru. Maona? Uye zvino akanga aine mu—mudzidzisi akanga amudzidzisa, amudzidzisa zvinhu zvakanaka, zvaaizove. Aiva nedzidzo yake.

32 Zvino mumwe mudzidzisi mujaya uyu waakambova naye, izvo zvichienderana nokuti wakakudzwa sei, asi mujaya uyu akawana dzidzo yezvekunamata mumba make.

33 Zvino, vamwe vana, munoziva here kuti kune vana vakawanda vasingambodzidziswe kunamata kumba? Baba naamai vavo havatendi munaMwari. Baba naamai vavo, vanonwa, vanoputa, vanorwa, nokumhanya-mhanya, vachisiyana, pausiku, nezvimwe, uye vasingabikire vanakomana nevanasikana vavo vaduku svusvuro yemanheru, nezvimwe. Haufare here kuti unababa naamai vakanaka Makristu? Zvino, kana wava nevana, haungadawo here kuva mhando imwe chete yababa naamai sezvakaita baba naamai vako? Maona? Zvino, asi zvose zvakanaka.

34 Zvino, mujaya uyu akanga awana, uye akadzidziswa zvekunamata. Munoona, zvinodarika nekure zvakanga zvawanikwa nevamwe, nokuti havadzidziswe zvekunamata. Asi mujaya uyu akadzidziswa zvekunamata, nokuti, munoona, nokuti akati akachengeta Mirairo kubvira achiri mukomana.

35 Zvino imi mose mune vadzidzisi vezvekunamata vakanaka, zvakare, mumwe nomumwe wenyu. Nemi vasikana nevakomana mabve zera, mose makava nevadzidzisi vakanaka, baba naamai vako paungano ino, wakawana zvose zvau . . . kukwanisa kwese kwaungaziva, zvinogoneka, kuti iwe uve murume nemudzimai wemazvirokwazvo akanaka, muranda waMwari.

36 Nokuti, rangarirai, uchafa rimwe zuva, kana kuti uchashandurwa kuenda Kudenga. Zvino kana ukafa Kuuya kwaKe kusati kwaitika, uchatanga kubvutwa. Manga muchiziva here izvozvo? Manga muchizviziva here kuti avo vakafa . . . Kana amai nababa vakafa iwe usati, zvino Jesu orega kuuya muchizvarwa chedu, unoziva here kuti ava, baba naamai, vachatanga kumuka, vakabwinyiswa, imi musati? Muri kuona? Hwamanda yaMwari icharira, uye vakafa munaKristu vachamuka kutanga, zvino isu vapenyu vakasara tichabatana navo. Tichashandurwa saizvozvo. Tinofanira kurangarira, kuti ndicho chinhu chine basa muhupenyu. Manzwisisa zvino? Ndicho chinhu chine basa muhupenyu, chatinofanira kuita, kugadzirira kusangana naMwari.

37 Zvino, chinamato choga hachishande. Munoona, jaya mutongi uyu pano, akati, "Tenzi wakanaka . . ." Zvino rangarirai, ndisati ndazvitaura. Akanga adzidziswa kufamba zvakanaka. Akava nedzidzo yakanaka. Akanga adzidziswa zvemabhizimu. Uye akanga akapfuma, uye aive mutongi, uye aive nechinamato. Asi akasangana nerimwe dambudziko, zvino rinosangana nesu tose, Hupenyu Husingaperi. Chinamato hachitipe Hupenyu Husingaperi. Chinamato, chifukidzo, asi hachitipe Hupenyu Husingaperi. Uye zvakadaro, akadzidziswa nevadzidzisi vaidarika vose vaivepo, kunyange zvakadaro akange aine chimwe chinhu chaaive asina. Zvino mujaya uyu aizviziva, nokuti akati, "Tenzi wakanaka, chii chandingaita kuti ndiwane Hupenyu Husingaperi?"

38 Zvino, iwe, unotenda kuti Jesu ndiMwari, handiti? Saka aiziva pfungwa dzemujaya uyu, saka Akati, "Chengeta Mirairo." Akadzokera chaiko kuchinamato chake, kuti aone kuti aizoti kudini maererano nechinamato chake. Akati zvino, nemamwe mashoko, "Chengeta chinamato chako."

39 Akati, "Izvi ndakazviita, kubvira ndichiri mukomana," vakomana vaduku semi. "Amai nababa vangu, nemuprisita wangu, vakandidzidzisa chinamato. Asi ndinoziva, muchinamato changu, kuti nazvino handina Hupenyu Husingaperi." Maona?

40 Unogona kunge wakanaka. Haube. Haupute. Haunyepi. Haunyeperi baba naamai. Usareva nhema iya yokutanga, nokuti, ukataura imwe, zvino zvinova nyore kutaura imwezve, munoona. Asi haufanire kudaro. Usareva yokutanga.

41 Wanga uchiziva here kuti mutumbi wako hauna kugadzirwa kuti unyepe? Munoziva, vane chimuchina zvino, zviri—zviri mutsinga dzako dzemanzwiro. Vanogona kuisa bhandi duku muruwoko rwako *pano*, vogoisa rimwe rakatenderedza mumusoro wako, uye zvino unogona kutaura ipapo, toti unoti, "Nda—nda—ndakanyepa nezvazvo, asi ndinokwanisa kuzvitaura zviri nyore kwazvo zvokuti va—vanotenda kuti ndiri kutaura chokwadi." Uye unogona kuti . . .

42 Vanozogona kuti, "Wakanga uri here pane imwe nzvimbo, sokuti wakagara here mutirera iya yeHama Shantz, panga pachiparidza Hama Branham, Svondo masikati nezuva rokuti?"

Zvino unoti, "Kwete, changamire. Handina kugara imomo. Kwete, changamire."

43 Unoziva here zvinotaurwa nemuchina wekubata nhema? "Hongu, changamire, wakadaro. Hongu, changamire, wakadaro."

Unoti, "Handina."

Iwo unoti, "Hongu, wakadaro."

44 Sei? Nokuti nhema chinhu chakaipa zvikuru. Mutumbi hauna kugadzirwa kuti unyepe. Zvino chinhu chakaipa kwazvo, zvokuti zvinovhiringidza mashandiro ose etsinga dzemanzwiro, kana uchinge wanyepa. Whew! Kuvhiringika kwakadaro, kunokupa maronda emudumbu, zvinhu zvinomera, zvinozokuuraya. Uyezve nhema chinhu chakaipa, nokuti, munoona, haufanire kunyepa, kuba, kuita chimwe chezvinhu izvi.

45 Zvino, saka mujaya uyu zvichida akambenge . . . akanga asina kumbonyepa, haana kumboba, uye aiziva kuti ainyatsoda zvachose, Hupenyu Husingaperi. Saka akati, "Ndodini kuti ndiHuwane?"

46 Uye Jesu ari kuratidza pano zvino kuti chinamato hachina zvachinoita. Saka Akatumira achidzosera kwaari, uye ndokuti, "Chengeta Mirairo."

47 Akati, "Tenzi, izvi ndakazviita kubvira ndichiri mukomana muduku, kana muduku, pandakanga ndichingori kakomana kaduku ndakazviita." Asi aiziva kuti akanga asina Hupenyu Husingaperi. Saka Akati zvino, "Kana uchizopinda muHupenyu, Hupenyu Husingaperi, uchida kuve wakarurama, zvino enda unotengesa izvo . . . "

48 Munoona, zvino, zvakanaka kuve nemari. Munoona, zvakanaka kuve nemari, pfuma. Uye ugova mutongi, zvakanaka

izvozvo. Asi nde—ndeayo maitiro aunozoita mushure mokuva izvozvo, munoona.

49 Akati, "Enda unotengesa zvauinazvo, ugozvipa kuvarombo, avo vanhu vasina chinhu; zvadaro uya, uNditevere, zvino uchava neupfumi Kudenga." Asi mujaya uyu aiva nemari yakawanda kwazvo zvokuti akanga asisazive zvokuita nayo. Zvino, munoona, akanga aine mukurumbira kwazvo, mujaya uyu ndizvo zvaaive.

50 Uye a—a—akanga akanyatsogadzirira pane zvinodikanwa muhupenyu, nzira iyo baba naamai vake, vaprisita nevamwe vose, vakanga vamugadzirira, asi zvakadaro aiziva kuti aive asina chimwe chinhu. Iye zvino ndiri kutaura kune vakuru. Iye, aiziva kuti pane chinhu chaakanga asina, uye akanga asina Hupenyu husingaperi. Aizviziva. Maona?

51 Chinamato hachibuditse Hupenyu Husingaperi. Zvimiro, manyawi, unonzwa chimwe chinhu; u—unogona kutya, wonzwa chimwe chinhu. Maona? Kuchema, zvakanaka; kudanidzira, zvakanaka; asi zvakadaro handiHo, munoona. Unosangana neHupenyu Husingaperi.

52 Unoti, "Handiti, ndanga ndingori muBaptisti akasimba, kana muMethodisti, kana muPresbyteriani, kana muPentekosti." Izvozvo zvakadaro handiwo mubvunzo wacho.

53 Mujaya aivewo, zvakare, aive akadzidziswa muchinamato chezuva iroro, asi zvakadaro akanga asina Hupenyu Husingaperi, saka aida kuziva zvokuita. Akanga atungamirwa zvakakwana, kune Izvi. Asi paakasangana naHo, akaramba kutungamirwa kuHupenyu Husingaperi, kana kutungamirwa. Vamwe vatungamiri vake vaiva nechisimba paari kusvikira pokuti akange asisade kuzvisiya. Maona?

54 Zvino, zvakafanana nezviri kutaurwa neHama Branham. Zviri kuti dzikisei zvishoma kwamuri, munoona.

55 Dzidzo yakanaka, unofanira kuenda kuchikoro unodzidza. Munoona, zvakanaka, asi hazvikuponese. Kuva nemari yakawanda, zvakanaka, unokwanisa kurera vana vako, ugovapa hanzu dzakanaka nezvimwe. Uye sababa naamai vakakushandirai imi mose, nezvimwe. Zvakanaka, asi zvakadaro izvozvo hazvikuponesei. Maona? Kana kuti, unogona kupinda mulaboratory ugodzidza kuisa zvinhu zvakasiyana-siyana pamwe chete, kana kutsemura maatomu, kana chero zvavanoita, no—nokupinda muchi—chitundumutseremutsere ku—kuenda kumwedzi, asi izvozvo hazvikuponese.

56 Unofanira kutarisana nechinhu chimwe chete, Hupenyu Husingaperi, uye pane Munhu mumwe chete Anogona kuHupa kwauri. Amai havakwanise kuHupa kwauri. Baba havagone kuHupa kwauri. Mufundisi wako haakwanise kuHupa kwauri. Mutungamiri wako pano haakwanise kuHupa kwauri. Wese

anowana Hupenyu Husingaperi anofanira kuuya kunaJesu Kristu. Ndiye Oga Anokwanisa kupa chikamu Ichi.

57 Mudzidzisi wako anokwanisa kukupa fundo, anokwanisa kukudzidzisa; unofanira kuidzidza. Amai vako—vako vanokwanisa kukudzidzisa kufamba; unofanira kudzidza kufamba. Baba vako vanokwanisa kukudzidzisa kuti uve munhu wezvemabhizimu, kanawo zvimwe; unofanira kuzvidzidza. Asi Jesu oga ndiye anogona kukupa Hupenyu Husingaperi. Maona?

58 Muprisita wako, mutungamiri wako, kanawo zvakadaro, vanogona kukudzidzisa chinamato chako, unogona kudzidza Mharidzo yatiri kuedza kudzidzisa, asi zvakadaro izvozvo hazvikupe Hupenyu Husingaperi. Unofanira kugamuchira Munhu wacho, Jesu Kristu. Manzwisisa here, mose? Unofanira kugamuchira Munhu wacho, Jesu Kristu, kuti uve neHupenyu Husingaperi. Zvino, asi dzimwe nguva humwe hutungamiri hunova nerunziro yakawanda patiri kusvikira hatizoziva zvokuita zvino kana nguva iyoyo—iyoyo yasvika.

59 Zvino, chinhu chine njodzi zvakadini kuramba kutungamirirwa kuHupenyu Husingaperi, nokuti, munoona, ndihwo Hupenyu husingambofi hwakaguma. Zvino, dzidzo, yakanaka, inotibatsira pano. Bhizimu, rakanaka. Mari, yakanaka. Kuva mukomana nemusikana akanaka, zvakanaka. Asi, uri kuona, kana hupenyu hwapera pano, zvatopera. Manzwisisa? Imi vakuru manzwisisa? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Munoona, ndizvo zvoga. Asi zvino tinofanira kugamuchira Jesu Kristu, kuitira Hupenyu Husingaperi. Jesu oga ndiye anogona kukutungamira kwaHuri.

60 Uye kunyangwe, munoona, mujaya uyu akanga awana zvinhu zvose izvi kuchikoro, uye kubudikidza nevabereki vake nezvimwe zvose, a—akarasa chinhu chakakurisisa chaaigona kuve nacho, kutungamirirwa neMweya Mutsvene, nokuti Jesu akati, "Uya, uNditevere."

61 Uye imi vasikana muchangobva kupedza chikoro, zvichida muchagirajuweta, vamwe venyu, nenguva isipi, uye nemi vakomana vechidiki; hutungamiri hukurusa huripo ndiJesu Kristu, nokuti ndihwo Hutungamiri kuHupenyu Husingaperi. Zvino, Hutungamiri uhu hunosangana nemunhu wese, vanopiwa mukana wekusarudza.

62 Uye ndicho chimwe chinhu chikuru chatinacho muhupenyu, kusarudza. Rimwe zuva . . . Munoziva, baba naamai, vakasarudza kuva nekakomana nekasikana kakanaka, sezvamu—muri mose.

63 Zvadaro, u—une kodzero, mushure mechinguva, kusarudza kuti unoda here kudzidza kubva kunemudzidzisi, kana kwete. Mudzidzisi anogona kukudzidzisa, asi unogona kungove mu—mukomana muduku akaipa, haumbodzidza; musikana

muduku, akaipa, haateereri zvachose. Munoona, u—une sarudzo yekuzviita, asi uchiri muduku.

Zvino amai vanoti, "Wawana here ma A paripoti yako?"

"Kwete, ndadofora kwazvo." Munoona, zvino unogona . . .

64 Amai vakati, "Zvino unofanira kuverenga." Saka unofanira kuzviita zvino, ramba uchiverenga sezvawaudzwa naamai, sezvawaudzwa nababa. Munoona, unofanira kuverenga.

65 Asi une sarudzo, unogona kuzviita kana kurega kuzviita. Unogona kuti, "Handisi kuda." Munoona, une sarudzo.

66 Mushure mechinguva, uchava nesarudzo yemusikana wauri kuzoroora, kana mukomana achakuroora.

67 Une sarudzo kwese muhupenyu. Uyezve une sarudzo, zvakare, kuti unoda here kurarama mushure mehupenyu huno; kana kungova munhu akanaka, ane mukurumbira, mutambi wemabhaisikopo, kana mutambi wedzimbo, kana zvimwewo.

68 Uye tarirai vasikana vaduku ava pano vane inzwi riya rakanaka, nguva shoma yapfuura, vachiimba. Mwana iyeye anofanira kuramba achiumbidzira inzwi iri, zvino anozova muimbi weopera, kana mumwewo muimbi. Ndanzwa manzwi evakomana vaduku ava, vakomana ava, unogona kuzova saElvis Presley, kutengesa kodzero yehudangwe hwako. Munoona, haudi zvakadaro. Munoona, chipo chawakapiwa naMwari, uye unofanira kusarudza kuti ndiyani, uko kwauchazonoshandisira chipo chako, kuna Mwari, kana kuti uchachishandisira dhiyabhorosi. Maona?

69 Hama Leo pano, hama yenyu, munoona, zvino anga aine chipo, chokuuya nokutungamira vanhu. Zvino chii chaachaita nacho? Ari kuzopinda here mubhizimu ozviita muzvina mamiriyoni; kana kuti ouya here kunze kuno ovaka musha apo vanhu vanoda kuuya pamwe chete zvino vokutorai imi mose vana vaduku? Munoona, unofanira kusarudza zvauri kuzoita.

70 Mumwe nomumwe wedu anofanira kuita sarudzo. Uye yakatarisana nesu. Asi tose tinotarisana nechinhu chimwe chete ichi: "Tichaitei nezveHupenyu Husingaperi? Tichararama nokusingaperi here, kana kuti kwete?" Zvadaro tinofanira kuuya kunaJesu, kuti tiHuwane. Mukana wekusarudza, ndicho chinhu chimwe chatakapiwa naMwari. Hapana chaanomanikidzira patiri. Anongotirega tichitora sarudzo yedu. Saka unotomanikidzwa, asi ingoita sarudzo yako.

71 Zvino ngatiteverei izvi, vakuru nevamwe vose zvino, kwemamitsi mashoma, nevana, tose pamwe chete. Ngatitevere mujaya uyu, pamwe nesarudzo yaakaita, zvino tigoona kwayakamutungamira.

72 Zvino, vasikana ava vane manzwi akanaka, vakomana vaduku ava. Zvino pamwe unouya kuno zvino iwe unenzwi

rokuimba. Zvino chingotora chinhu chimwe chete ichochi, unokwanisa, ini zvangu, unogona rimwe zuva kutora, "Ini . . . "

73 Munoziva mukomana uyu anonzi Elvis Presley? Makambonzwa matepi angu. Makanzwa kuti handizvidze mukomana uyu, asi mukomana uyu akawana mukana wakafanana newamakawana. Munoona, uye zvaaka . . . Akaona kuti anogona kuimba. Zvino tarirai zvaakaita, chinhu chimwe chete chakaitwa naJudhasi, Judhasi Iskarioti, akatengesa Jesu. Jesu akapa mukomana uyu inzwi rakanaka. Zvino chii chaanoita? Kutendeuka oritengesa kunadhiyabhore. Munoona, anofanira kuzosvika kumagumo enzira. Maona? Akaramba kufamba naJesu.

74 Zvino jaya iri pano, jaya mupfumi uyu aive mutongi, akaita chinhu chimwe chete. Ngatiteverei tione zvaakaita. Pasina kupokana, nokuva munhu mukuru kwaaiva, zvichida mujaya aiva nechiso chakanaka, vhudzi rakasvibira rakapeturwa richidzika kumativi, hanzu dzakanaka. Madzimai echidiki aifunga, "Vakomana, uyo mukomana ane chiso chakanaka!" O, vaidaro. Aipota zvichida achivasimudzira ruwoko, zvino ivo vaizotambazve naye, nezvimwe.

75 Akafunga kuti aiva muchinda mukuru, munhu, munoona, nokuti akanga akanaka pachiso, akanga ari wechidiki. Akanga asiri kutarisa zasi kuno kumagumo enzira. Akanga akangotarisa pano apa. "Ndiri muduku. Ndine chiso chakanaka. Ndakapfuma. Ndinokwanisa kutenga chose chandinoda. Ndinogona kutora vasikana ava, uye, vakomana, vose vanondifarira. Uye vanoziva kuti ndiri munhu mukuru." Zvino, munoona, akanga ainazvo zvose. Akanga atevera mirairo yababa vake, nezvimwe zvose. "Uye ndiri munamati mukuru. Ndinoenda kuchechi." Uye zvino aigona kuzvitevera, munoona; aine mukurumbira mukuru, akapfuma, uye achizivikanwa kwazvo. Uye, zvino iye . . .

76 Sezvazviri nhasi, sokuwana mukana kwawakava nako kuve mutambi wemabhaisikopo, munoona, kanawo zvimwe zvakadaro. Vana vechidiki vazhinji nhasi, ukataura navo, vanoziva zvakawanda pamusoro pevatambi vemabhaisikopo kudarika zvavanoziva nezvaJesu. Muri kuona? Uye, munoona, imi—imi vana muri kudzidza nezvaJesu. Pavanogara pasi, zvino mumwe mutambo unouya mubhaisikopo, kana zvimwewo zvakadaro, vanoziva vatambi vacho nezvose ipapo, nezvose maererano nawo. Vanoziva zvose izvozvo kudarika *Izvi*. Ukavataurira nezveBhaibheri, hapana kana chavanoziva nezveBhaibheri. Munoona, kuita sarudzo isiri iyo. Zvino, mumwe muimbi achitengesa chipo chaakapiwa naMwari, kuti awane mukurumbira!

77 Zvino tinomuona kumagumo ehupenyu. Ngatimuteverei zvishoma. Munoziva here zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro

pemujaya uyu? Akatozowedzera kubudirira. Saka, dzimwe nguva kubudirira hazvirevi kuti waita sarudzo yakafanira. Munoziva zvaakaita? Akabuda kunze ndokuva nenguva huru dzokufara, ndokuita mapati makuru, ndokupedza mari yakawanda nezvimwe zvose, pavasikana nezvimwe zvose. Zvino akazoroora uye zvichida akava nemhuri. Uye—uye a—akaramba achiwedzera zvakanyanya kusvikira akatozovaka matura matsva nezvimwe. Zvino akati, "Muri kuona, handina kutevera Jesu, zvino onai zvandinazvo!" Maona?

78 Unogona kunzwa vanhu vachitaura kudaro, uye ndakadaro, "Zvakanaka, onai, Akandiropafadza." Hapana zvazvinoreva. Maona?

79 Zvino mushure mechinguva matura ake akafashukira kusvikira iye akati, ko, saka, "Mweya, zorora hako. Ndine mari yakawanda kwazvo pamwe nokubudirira kukuru! Uye ndiri munhu mukuru kwazvo! Ndiri nhengo yemakirabhu ose. Uye ndine upfumi hwenyika mumawoko angu. Ndine mazipurazi pamwe nemari yakawanda, uyezve, handiti, ini zvangu, uko munhu wese anondifarira, kungovawo munhu akanaka kwazvo."

80 Asi munoziva, Bhaibheri rakati, usiku ihwohwo, Mwari vakati kwaari, "Ndiri kuzotora mweya wako."

81 Zvino chii chakaitika? Zvino paiva nemupemhi, mumwe mutana Mukristu murombo airara pasiwo rake. Zvino pavainge . . .

82 Kumusoro muJerusarema, ikoko, va—vanodyira pamusoro pemba. Zvino mafufu echingwa anodonha *sezvizvi*, nezvinhindi zvenyama, nezvakadaro, zvinorovera pasi kana zvodonha. Zvino havazvinhonge, nokuti zvose muJerusarema, muguta rakare, zvaka—zvaka . . .

83 Zvakanaka kutaura zvinosetsa zviduku pano? Vari f-o-b. Munoziva zvazvinoreva? Nhunzi pachingwa, nhunzi panyama, nhunzi pabhata, f-o-b, nhunzi pazvinhu zvose. Dzinoenda mumugwagwa, muzvinzira-nzira nezvese, dzobhururukira imomo zvino dzoenda chaipo pazviri.

84 Saka vanhu ava kumusoro uku, vanoenda pamusoro pe—peimba. Zvino vanodya, zvino vanodonhedzera *izvi* pasi, uye nokuzvitsvairira pasi. Zvino, imbwa mumigwagwa, dzinodya mafufu aya. Zvino akarega Mukristu uyu murombo araremo mumugwagwa uye nokudya mafufu aidonha kubva mundiro yake pamubhedha wake, kana kuti patafura yake.

85 Zvino akati apinda, mushure mechinguva, akanga ava nemaronda, zvino akanga asina chokuisa pamaronda ake. Zita rake ainzi Razaro. Zvino imbwa dzakauya ndokunanzwa maronda ake kuti aedze kupora.

86 Saka, munoziva, mushure mechinguva, mupfumi uya, apo, akaona kuti aiva nemari yokutenga mhando dzose dzemushonga, kana achinge arwara, aiva nemhando dzose dzavanachiremba. Asi, munoziva, dzimwe nguva vanachiremba havakwanise kutibatsira, mushonga hautibatsire, hapana chinogona kutibatsira; tiri patsitsi dzaMwari. Zvino akasvika kumagumo enzira yake; vanachiremba havana kugona kumubatsira, vanamukoti havana kugona kumubatsira, uye mushonga hauna kugona kumubatsira, zvino akafa. Zvino mweya wake pawakabuda mumutumbi wake, munoona, wakasiya mari yake yose, dzidzo yake yose, zvose zvaakanga ainazvo, mukurumbira wake wose. Vakamuitira mariro makuru, zvichida mureza ndokurembedzwa uri pakati-nepakati pebango, uye—uye meya weguta akauya, zvino ivo, zvino muparidzi akauya zvino—zvino ndokuti, "Hama yedu zvino yaenda muKubwinya," nezvimwe zvose zvakadaro.

87 Asi Bhaibheri rakataura, kuti, "Akasimudza meso ake mugehena, achitambura, zvino ndokutarisa mhiri uko kwemukaha mukuru uyu, ndokuona mupemhi uya akambenge akarara, paya pamukova wake, uko Kudenga. Zvino akadanidzira, 'Tumai Razaro zasi kuno netumvura. Marimi emoto aya ari kutambudza.' Ndokuti, 'O, kwete. Munoona, wakatora sarudzo isiri iyo muhupenyu.'"

88 Munoona, paakasvika pamagumo enzira, kubuda muhupenyu! Akanga atungamirwa nechinamato. Akanga atungamirwa nedzidzo. Akanga atungamirwa nerunziro yekubudirira kwake—kwake. Asi, muri kuona, akanga asina chakabata ruwoko rwake, zvinhu izvi zvinoperera ipapo. Uri kunzwisisa, muchinda muduku? Imi vakuru munonzwisisa. Zvandiri. . . Munoona, akanga asina chakamubata. Mari yake hayaigona kumubata. Shamwari dzake navanachiremba havana kugona kumubata. Mushonga hauna kugona kumubata. Muprisita wake, chinamato chake, hazvina kugona kumubata. Saka, paingori nechinhu chimwe chete chokuti aite. Akanga—akanga aramba kugamuchira Jesu, Hupenyu Husingaperi. Saka chii chaaifanira kuita? Kunyura zasi murufu, mugehena. Kukanganisa kune njodzi kwakadini kwaiva nemujaya uyu paakaramba kufamba naJesu, kutungamirirwa naJesu. Akaramba kuzviita.

89 Vechidiki vakawanda vari kuita mhosho imwe chete, nhasi, vari kuramba kutungamirirwa na—naIshe Jesu. Zvino tinoona kuti chinhu chine njodzi zvakadini kuramba Hupenyu Husingaperi uye nokutungamirirwa naJesu, Mutungamiri, paAkati, "Uya, uNditevere."

90 Munoona zvataurwa nemurume muduku uyu akarurama pachiso masikati ano? Kana uchinge wabva kuchikoro, kana uchinge wabva, unoda mumwe mutungamiri, asi rega iye wacho ave Jesu. Zvino Jesu iBhaibheri. Unozvitenda here? Uhu ndihwo

Hupenyu hwaJesu neMirairo yaKe kwatiri, zviri mutsamba. Saka tinofanira kutarisa kune iRi, kuti tione. Iri ndiro plani yacho. Iyi ndiyo mepu yacho yaAkatiti titevere, ku—kutanga Hupenyu Husingaperi.

Zvino tinoona kuti mujaya uyu akarasika.

91 Zvino regai titore mumwe. Mungada here, mungava here nenguva kutora rimwe jaya mupfumi raitonga, rakaita mafambiro kwawo? Mungada here kunzwa izvozvo? Zvakanaka, tichazviedza zvino. Iye zvino regai titore rimwe jaya mupfumi raive mutongi uyo akasangana nechinhu chimwe chete. Zvino tinoona kwakaenda mukomana uyu, akararama hupenyu hwaive hwakaisvonaka, asi akafa ndokuraswa mugehena. Uye zvino pano tiri kuzotaura pamusoro pemumwe mujaya akasangana nechinhu chimwe chete. Akanga ari munhu mupfumi, jaya, uye aive mutongi, zvino, asi akagamuchira kutungamirira kwaKristu; sezvataudzwa nekamukomana kaduku nguva shoma yapfuura, uyo watinofanira kuti atitungamire. Akazvigamuchira.

92 Gwaro reizvi rinowanikwa, kana muchida kuzoritsvaka mushure mokunge ndapedza, munoona, riri munavaHebheru, chitsauko 11, ndima 23 kusvika 29. Regai ndingoRiverenga. Zvakanaka here? Muchatsungirira neni zvishoma, handiti? Hamuna basa nazvo henyu kana ndikasazviita, handiti? Maona? Saka tinongo . . . Tichangozviverenga, zvino munozoti, "Ndakanzwa Hama Branham vachizviverenga kubva muBhaibheri." Maona? Uye munoziva kuti zvirimo zvino. Handi zvandakataura, ndeizvo zvaAkataura. Zvino imi chiteererai pano, kune zvakataurwa neBhaibheri pano nezvemuchinda uyu akanaka, munoona. Zvino tarirai.

> *Nokutenda Mosesi, pakuberekwa kwake, akavanzwa navabereki vake mwedzi mitatu, nokuti vakaona kuti akanga ari mwana akanaka; havana kutya murairo wamambo.*
>
> *Nokutenda Mosesi,* paakange . . . *akura, akaramba kunzi mwanakomana wemukunda waFarao;* (teererai)
>
> *Akati zviri nani kuitirwa zvakaipa pamwe chete nevanhu vaMwari,* pane kutamburira mufaro we*zvivi nguva duku;*
>
> Akakoshesa *kuzvidzwa kwaKristu* . . .

93 Kare-kare munguva dzaMosesi, akanga achingori Kristu. Maona? Ndiye Oga ane Hupenyu Husingaperi. Maona?

94 "Akakoshesa kuzvidzwa," kudanwa kunzi mupengereki, muumburuki-mutsvene, kana zvimwewo zvakadaro, munoziva. Maona?

Akakoshesa *kuzvidzwa kwaKristu* sepfuma *huru* pane *kupfuma kwose kweEgipita: nokuti* akaremekedza mubhadharo we . . . *mubairo.*

95 Iye zvino munoziva zvazvinoreva? Zvinoreva izvi, kuti, Mosesi akaberekwa ari mukomana murombo, murombo zvikuru. Zita rababa vake rainzi Amuramu. Zita raamai vake rainzi Jokebhedhi. Zvino vakanga vari varombo zvikuru, asi vakanga vari Makristu. Vaishanda zvakasimba. Vakanga vari muhuranda. Vaigadzira zvidhinha zvedhaka, nezvinhu, zvamambo mutana. Munozivei? Mukunda wamambo uyu akadzika, rimwe zuva, kurwizi uko amai . . .

96 Amai vaMosesi, Jokebhedhi, vakanga vamutora ndokumuisa mune kaigwa kadiki uko murwizi sezvizvi. Zvino makarwe akanga adya vana vacheche vose; zvino vakanga vari kuvauraya, vachivakandira murwizi. Asi vakamuisa imomo chaimo. Zvino munoziva here machengetero avakaita makarwe kuti ange ari kure naye? Vakagadzira kaareka kaduku aka kaduku—kaduku vakamuisa imomo, ndokukagadzira nebhitumini. Munoziva kuti chii ichocho? Inamo. Zigarwe raiuya, roti, "Hum, muHebheru muduku akakora, ndichamutora!" Ndokumunzwa achichema saizvozvo. Ndokuenda ikoko, "Whew! Kunhuwa kwakadini uku! Uh!" Maona? Munoonaka, amai vakatungamirwa, kuti vanodzivirira sei mwana wavo. Saka rakabva rabva pairi, rakanga risisade kuwana charinoita nayo.

97 Zvino akadzika zasi nerukova, nechemberi kwacho zvishoma. Zvino hanzvadzi yake duku, ainzi Miriami, akamutevera achidzika nerwizi, achitarisa zvakanga . . .

98 Zvino mukunda waFarao akauya zvino akanga ari kuzomutora, munoziva, zvino ndokumudhonzera kunze. Munoziva, mose . . . Unoziva, amai vako vanofunga kuti ndiwe mwana akanakisisa pasi rose; munoona, vanofanira kudaro. Asi Bhaibheri rinoti mukomana muduku uyu akanga akanakisa zvikuru, mukomana muduku akaisvonaka kwazvo. Zvino, o, akanga ari kungochema achikava tumakumbo twake. Akanga ari kuda amai vake, munoona. Zvino saka munoziva zvakaitika? Zvino Mwari vakaisa mumwanasikana waFaro, mukunda wamambo, rudo rwese amai rwavangava narwo kumwana mucheche muduku. Moyo wake wakangomuda kwazvo. Akati, "Uyu mwana wangu."

99 Asi, munoziva, akanga ari mudzimai wechidiki. Munoona, mumazuva iwayo vakanga vasina mabhotoro aya, okureresa, vacheche, saka vakatozoenda kunotora uyo akambenge ari amai, akamboita mwana, uye ainaye, aikwanisa kuyamwisa.

100 Saka Miriami akanga atoripo ipapo, akati, "Ndichaenda kunokutorerai amai chaivo."

"Zvakanaka, iwe chienda unovatora."

101 Munoziva here akaenda akanotorwa naMiriami? Amai chaivo vaMosesi. Ndizvo chaizvo. Hongu, ndokuenda akanovatora. Hwakanga huri huchenjeri, handizvo? Saka zvadaro akaenda akanotora amai chaivo Mosesi. Zvino akati, "Ndichatora ndonokurererai mukomana muduku uyu."

102 Akati, "Munozivei, ndichakupai madhora mazana matatu, pasvondo, kurera mwana uyu. Uye unogona kugara mumuzinda." Uri kuona zvinoita Mwari kana ukavimba naYe, maona, kana uine chokwadi nokutenda. Mwana uyu akanga ari muporofita, maona, uye vaizviziva.

103 Saka vakaenda mumuzinda zvino—zvino ndokurera Mosesi, zvino amai, amai vake chaivo, vaiwana madhora mazana matatu, pasvondo, kuitira zvose zvaidikanwa. Ingozvifungaiwo izvozvo!

104 Zvino zvadaro, munoziva, mushure mechinguva, mushure mokunge izvi zvaendeka kwechinguva, Mosesi akatanga kukura zvakakwana zvokukwanisa kuverenga nokunyora. Vakamudzidzisa kuverenga nokunyora. Uyezve vakamuudza, ndokuti, "Mosesi, wakazvarwa uri mwana kwaye. Baba vako neni takanamata. Mwari vakatizarurira kuti uri muporofita, uye kuti uchava mudzikinuri wevanhu, mumazuva ari kuuya."

105 Zvino munoziva, paakange akura, zvino akanga ari chii? Akagadzwa humwana ndokuiswa muimba yamambo. O, ini zvangu! Haaifanirwa ku . . .

106 Zvino akatarisa kunze kuvanhu vake, zvino vakanga vasina nguwo. Vaiva Makristu, vakanga vari kuchema. Zvino vatariri vakare vaivashwapura nezviwepu, zvino ropa richipfachuka kubva kumusana kwavo. Vakoma vake—vake navanababa mukuru, baba naamai, vose zvavo; vachivashwapura nezviwepu, kunze uko mumakomba emadhaka. Zvino saka, asi Mosesi, paine chimwe chinhu pakadzika pemoyo wake, aiziva kuti vakanga vari vanhu vaMwari vakavimbiswa. Aizviziva.

107 Zvino, chinhu chaitevera chaaizoita kwaive kuzova mambo. Aizova mambo pamusoro pezvinhu zvose, munhu akapfuma, ini zvangu, mari yose yemuEgipita. Zvino Egipita ndiyo yaitonga pasi rose, panguva iyoyo. Asi, tarirai, Bhaibheri rakati, "Akakoshesa kuzvidzwa," kuve ganyamatope kunze uko, Mukristu. Pavaiita dambe navo, vachivaseka, vachivakava. Kana vakapindurazve, vaivauraya. Maona? Asi Mosesi akasarudza kuenda neboka iroro panzvimbo yokunzi mwanakomana wamambo.

108 Tarirai pane izvozvo! Munoona, nokuti akaona nguva yekuguma! Munoona jaya mupfumi uyu? Asi akaona Jesu, sokuMuona kwatinoita muchiratidzo, kuti nguva yokupedzisira ndipo pazvichabhadhara. Zvino, akagamuchira hutungamiri hwaKristu, zvino Mosesi akakoshesa kushorwa sepfuma huru.

109 Munoziva, dzimwe nguva imi vakomana vaduku kana muri kuchikoro, vakomana vaduku vanotaura mashoko akaipa zvino

vanoda kuti imi mose muataurewo. Imi vasikana vaduku; vasikana vaduku vanotaura zvinhu zvakaipa uye vanoda kuti iwe uzvitaure. Iwe iti, "Kwete. Ndiri Mukristu."

110 Vanoti, "Ah, uri zigadzi!" Unoziva, vanouya kwauri saizvozvo.

111 Onaka, simuka, uti, "Ndinofara kuva izvozvo." Maona? Nokuti, munoona, ndizvo zvakaitwa naMosesi. Akakoshesa kushorwa kwaKristu sepfuma huru kudarika Egipita yose. Zvino ngatimuteverei, achitungamirirwa naKristu, tigoona zvaakaita.

112 Zvino, onai, mujaya uyu aive akapfuma, jaya rokutanga, asi akanga asingadi Kristu. Akanga asingadi kuva muteveri waJesu. Zvino saka tinomuona aine mukurumbira mukuru, zvichida pamwe akazove mutambi wemabhaisikopo, uye mukuru kune zvose, mune zvose zvi—zvinhu zvaaikwanisa kuita, uye nezvose zvaaida. Asi paakafa, akanga asina mumwe munhu wekumutungamira. Saka, dzidzo yake, yakanga yakanaka; mari yake, yakanga yakanaka; asi rufu parwakauya, ndipo pazvakaperera, akanga asisakwanise kuishandisa zvachose. Akanga asisakwanise kutenga nzira yake yokukwira Kudenga. Uye akanga asingakwanise, nedzidzo yake, akanga asingakwanise kuenda Kudenga. Maona?

113 Asi mujaya uyu zvino, akanga aine zvinhu zvose izvi. Akanga akadzidzawo, zvakare. Akangwara. Akaenda kuchikoro na . . . Amai vake vakamudzidzisa, uye—uye akava nedzidzo yakanaka. Akanga akangwara kwazvo, kusvikira, aigona kudzidzisa vaEgipita. Akadzidzisa mudzidzisi wake, akanga akangwara zvikuru. Onai kungwara kwaaiva akaita. Asi, munozivei, pamusoro pekungwara kwese uku, pamusoro pezvose zvaaive nazvo, zvikwaniso zvaaive nazvo, zvakadaro akati, "Ndichazvisiya zvose, kuti nditevere Jesu." Munoziva zvavakaita naye? VakaMudzinga. Akava nha—nhapwa yemumatope sevamwe vose.

114 Asi rimwe zuva paakanga ave murume mukuru, akanga ari kufudza makwai ari kuseri kwerenje. Zvino chii chakaitika? Pane munhu angandiudzewo here zvakaitika? Hanzi kudini? [Mumwe mwana anoti, "Paiva neMoto Mugwenzi."—Mupepeti.] Ndizvo chaizvo, paiva neMoto mugwenzi, zvino Wakakwezva meso ake. Akatsaukira kudivi. Zvino munozivei?

115 Makati, "Dzidzisai vana." Iye zvino vana vari kuzosimuka vachindidzidzisa. [Hama Branham vanoseka—Mupepeti.] Saka, zvino kamukomana kaduku aka pano, anyatso—anyatsogona. Ndiyani baba vako? [Mwana anoti, "VaShantz."] VaShantz ndivo baba vako. Mukomana uyu akadzidziswa, haana here? Rimwe nerimwe remaziso maduku ari kupenya akanditarisa zvimwe chete, mumwe achida kutangira mumwe, muri kuona.

116 Saka zvino tarirai, akadaro, uye iro—uye iro—iro gwenzi rakamukwezva meso, raibvira, zvino akati, "Ndichatsaukira kudivi kuti ndione kuti chii."

117 Zvino Mwari vakati kuna Mosesi, "Bvisa shangu dzako, nzvimbo yaumire pairi itsvene. Ndakusarudza kuti uende zasi unodzikinura vanhu vaNgu. Ndiri kukupa simba; unogona kurova nyika nematenda, unogona kushandura mvura ichiva ropa, unogona kuunza nhata neinda. Hapana chichakukuvadza. Ndichakusarudza." Sei? Nokuti akasarudza Kristu. Maona? Iwe sarudza Kristu, zvino iYe anokusarudza. Maona? Zvino Akati, "WakaNdisarudza, zvino Ini ndakusarudza kuti uende zasi ikoko kuEgipita."

118 Zvino onai zvaakaita. Akatungamirira vanhu mamiriyoni maviri, vanhu mamiriyoni maviri vakabuda, vanhu vake, ndokuvaunza munyika yevimbiso. Uye, zvino, akatevera. Tinomutevera nzira yose murenje; uye imi vana makanzwa Hama Leo naHama Gene, nababa venyu naamai, vachikuudzai zvose zvakaitika murenje, kuti akaunza chingwa chichidzika kubva kudenga ndokupa chokudya kuvanhu vaiva nenzara, nezvinhu zvose izvi.

119 Uye zvino tinoona kuti, ave harahwa zvino, akwegura kwazvo, ave nemakore okuzvarwa zana nemakumi maviri. Ari murenje.

120 Zvino vanhu havana kumubata zvakanaka, zvakadaro. Munoona, dzimwe nguva vanhu vanozviti Makristu havakubate zvakanaka. Asi Jesu nguva dzose anokubata zvakanaka. Maona? Maona? Saka tinoona zvino kuti vanhu vakamumukira, asi akagara pamwe chete navo, zvakadaro. Zvino ndiye aive mutungamiri, zvino aitozogara navo. Zvino Ngirozi dzaShe dzakataura naye. Haungadiwo here zvakadaro kuti zviitike kwauri? Zvino ita sarudzo yakafanira, usarudze Jesu, uye Achazviita.

121 Zvino, tinoona kuti, kumagumo enzira, akange akwegura zvikuru. Akanga asisagoni kuparidza zvachose, uye inzwi rake rakanga raderera. Saka akaropafadza Joshua, zvino ndokuenda pamusoro pechikomo, kunofa.

122 Munoziva here zvakaitika paakafa? Ipapo, chii, chii chakaitika? [Mumwe mukomana anoti, "Akafa, zvino Akamumutsa kubva kuvafi."—Mupepeti.] Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino unoti, "Zviri papi?"

123 Zvino, mirai zvishoma, mukomana agona, maona. Akamutswa kubva kuvafi. Zvino. (Miriam, ndinoziva kuti wanga uchizviziva. Um-huh. Maona?) Zvino tarirai. Akamumutsa kubva kuvafi. Sei? Nokuti, makore mazana masere akatevera, heunoi uyu ari uko kuPalestine, akamira neMutungamiri wake saizvozvo, Jesu, uyo akakoshesa kushorwa kweZita

raKe sepfuma huru inodarika hupfumi hwese hwemuEgipita. Akakoshesa . . . Mutungamiri wake Akanga akamira ipapo. Munoziva, Ainzi . . .

124 Mu—muBhaibheri, munoziva, paiva nedombo raifamba neIsraeri. Zvino Mosesi paakagadzirira kufa, akakwira paDombo iri. Zvino Dombo iri raiva Jesu. Munorangarira Jesu paaitaura, munaMutsvene Johane, chitsauko 6?

Zvino, akati, "Madzibaba edu akadya mana murenje!"

125 Ndokuti, akati, "Baba vangu vakakupai mana iyoyo." Akati, "Hongu, vakadya mana. Ndizvozvo. Zvino, vose, vakafa, nokuti havana kugona kuenderera mberi, munoona." Ndokuti, "Vose, mumwe nomumwe wavo, akafa." Asi ndokuti, "Ndini Chingwa cheUpenyu chinobva kunaMwari chichibva Kudenga."

126 "Madzibaba edu akanwa kubva muDombo. Mosesi akarova Dombo racho," zvino ndokuti, "zvino mvura dzakabuda."

Akati, "Ndini Dombo riya raiva naye."

127 Zvino tarira, Mosesi paakafa, akakwira paDombo iroro. Munoziva zvakaitika? Bhaibheri rakataura kuti "Ngirozi" dzakauya dzikamutora.

128 Mutsauko wakadini nemumwe mujaya uya! Mujaya uya, munoona, paakafa, akanga asina mumwe munhu akamubata, saka akangonyura pasi nemurima, achipinda mugehena, uye arimo nhasi, imomo.

129 Zvino Mosesi paakabuda muhupenyu, paakaenda, akanga atora Mutungamiri. Amai vake vakamutungamira zvakanaka, baba vake vakamudzidzisa zvakanaka. Uye zvadaro paakanga abve zera, ave mujaya, zvino akati, "Ndiri kuona Hupenyu Husingaperi, kana ndikaenda pamwe chete nevanhu ava varombo, vakarambwa, ndofamba navo, nokuti vanhu vaMwari. Handisungirwe kuzviita. Ndinokwanisa kuva mambo, asi handidi kuva mambo. Ndinokwanisa kuva nemari yose irimo muEgipita, nokuti ndichava muridzi wayo. Handiidi. Ndingasva hangu ndafamba naJesu," uye nepaakafamba muhupenyu. Uye zvadaro paakatanga kufamba achibuda muhupenyu, heunoi uyo Mutungamiri wake anomutora neruwoko.

130 Haungadiwo here Mutungamiri uyu? Hatidiwo here tose Mutungamiri uyu kumubata ruwoko rwaKe?

131 Mazana emakore akatevera, akaonekwa aine Mutungamiri wake mukuru. Akanga atungamira. Akaita sa—akaita sarudzo, yehujaya hwake, zvino saka nokudaro Mwari vakanga vakamubata.

132 Munozivei? Murume mupfumi uya ari mugehena, riya jaya mupfumi riya rakaramba. Munoona, zvino rangarirai, akanga aine dzidzo, aiva nechinamato, aienda kuchechi, akanga ari munhu akanaka, asi akaramba Jesu. Maona?

133 Mujaya uyu, aive akadzidza, uye aive nechinamato, asi aida Jesu. Munoona, Mosesi angadai akapfuma kudarika—kudarika zvanga zvakaita mujaya uyu, nokuti aingoriwo nemari, zvichida mapurazi nezvinhu zvakadaro, uye pamwe zvematongerwo enyika nezvimwe, asi Mosesi aizova mambo wepasi rose. Asi akasiya zvose izvozvo.

134 Zvino munozivei, vana? Kana pasisina Egipita, uye pasisina hupfumi, pachange pachiina Mosesi, nokuti akasarudza chinhu chakafanira. Maona? Akasarudza chinhu chakafanira kuti chimutungamire.

135 Pakunenge kuchisina mapiramidhi makuru! Munoverenga nezvemapiramidhi emuEgipita? Rimwe ramazuva, achange ave guruva, nokuda kwebhambu reatomiki. Hupfumi hwese hwenyika, vanhu vachahukandira mudenga, vachichema, vachiti hwawora munyama yavo, vachichema nokuungudza. Munoona, huchapfuura.

136 Asi avo vanogamuchira Jesu kuti avatungamirire, havazofi. Vane Hupenyu Husingaperi. Kunyange vachifa havo panyama pano, Jesu achavamutsa zvakare.

137 Unofanira kutora sarudzo. Sarudzo yako ndiyo ichataura magumo ako ekusingaperi. Rangarirai, Jesu anoraira mumwe nomumwe wedu, "Nditevere kana uchida Hupenyu." Munoona, kutungamirira, "Nditevere. Uchawana Hupenyu Husingaperi." Uye ndine chokwadi, kunyange kunesu vakuru, tinowana chimwe chinhu kubva kune izviwo, zvakare. Kana uchida Upenyu, unofanira kuHugamuchira. Uchida chinamato, chigamuchire. Kana uchida . . . Chaunofanira kuita, chaunogamuchira, ndicho chauchawana. Asi kwandiri nekwauri, nekune vana ava vaduku, rangarirai, mune kokero. Jesu akati, "Nditevere, uye uve neHupenyu Husingaperi." Ndizvo zvatiri kuda kuita, handiti?

138 Iye zvino vangani venyu vari kunyatsoda kutevera Jesu, zvino unoti, "Zvakanaka, saka, kana ndichinge ndakura zvakakwana ndakura zvokukwanisa kuita sarudzo yangu, uye nokuita izvo . . . Handina basa kuti ndine mari yakawanda zvakadini, kuti ndiri murombo zvakadini, kuti vanhu vanondiseka zvakadini, kana zvimwe zvose, ndinoda kutevera Jesu. Ndinoda kuita sarudzo yaMosesi, kwete jaya mupfumi"? Vangani vari kuda kuzviita ipo pano? Zvino muri kunyatsoda kuzviita?

139 Ndiri kuda kuti usimuke umire neni. Ndiri kuti uise ruwoko rwako rweruboshwe pamoyo wako, zvino wosimudza mudenga ruwoko rwako rwerudyi. Ndinoda kuti uvhare meso ako zvino ukotamise musoro wako, zvino ugotaura mashoko aya mushure mangu. [ungano inodzokorora mashoko ose mushure meHama Branham, mumunamato unotevera—Mupepeti.]

140 Jesu anodikanwa, [“Jesu anodikanwa,”] ndinopira hupenyu hwangu kwaUri. [“Ndinopira hupenyu hwangu kwaUri.”] Ndanzwa mharidzo iyi, [“Ndanzwa mharidzo iyi,”] apo majaya maviri akaita sarudzo dzawo. [“apo majaya maviri akaita sarudzo dzawo.”] Handidi kuenda nenzira yejaya mupfumi aiva mutongi. [“Handidi kuenda nenzira yejaya mupfumi aiva mutongi.”] Asi ndinoda kuenda nenzira yaMosesi. [“Asi ndinoda kuenda nenzira yaMosesi.”] Ndichingori mwana muduku, chete. [“Ndichingori mwana muduku, chete.”] Nditungamirei, Jesu Anodikanwa, [“Nditungamirei, Jesu Anodikanwa,”] kuHupenyu Husingaperi. [“kuHupenyu Husingaperi.”] Ameni. [“Ameni.”]

Zvino iwe kotamisa musoro wako.

141 Jesu Anodikanwa, rimwe zuva, parwendo rwehupenyu Rwenyu pano panyika, vakaunza kwaMuri vana vaduku vakadai seava vandanga ndiri kutaura navo masikati ano. Zvino vadzidzi vakati, “Tenzi vakaneta zvikuru. Vaparidza mangwanani ano. Vaparidza, *zvokuti* ne*zvokuti*, zvino Vakaneta zvikuru. MusaVanetsa.”

142 Asi, Jesu, makati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri, nokuti Hushe hweKudenga ndewe vakadai.”

143 Ishe Mwari, nhasi gamuchirai vakomana nevasikana vaduku ava pano, muchikoro chino chekururama, pano apo hama yedu yazvitsaura kuuya kudivi rerenje rino, kubuditsa idzo mhuri dzine chishuwo chekuzvipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika, kuti vave vafambi veNyu. Uye zvino vaduku vavo vari pano, vachitarisa hupenyu hwababa naamai vavo, sezvo ti—tiri mienzaniso mune zvose zvatinoita. O Mwari Vanodikanwa, Musiki weMatenga nepasi, tungamirai tsoka dzedu, Ishe, kuti hapana chatinozoita pamberi pevaduku ava, chingaisa chigumbuso munzira yavo. Nokuti zvinonzi, zviri nani kuti guyo risungirirwe muhuro medu, uye tigokandirwa mugungwa, pane kugumbura mumwe wevaduku ava. Makati, “Ngirozi dzavo dzinogara nguva dzose dzakatarisa chiso chaBaba vaNgu avo vari Kudenga,” Ngirozi huru, neNgirozi inochengetedza, pamusoro pemumwe wemweya midiki iyi.

144 Apo vagara masikati ano meso avo maduku akazaruka, vakatarisa vachipindura mibvunzo, uye vachiteerera nyaya duku dzevana dzemuBhaibheri, dzekuti majaya maviri aya akatora sei sarudzo dzawo, uye mumwe nomumwe wavo achikumikidza hupenyu hwake kwaMuri. O Jehovha Mwari, vatungamirei, vachengetedzei. Uye dai vawana Mutungamiri mukuru uyu, Jesu Kristu, achavatungamira kana baba naamai nevadzidzisi vachinge vapedza navo. Dai mavatungamira kuHupenyu Husingaperi, sezvaMakaita kunaMosesi, apo munamato wavo wakaninipa, muduku, wemwana waenda kwaMuri. Ndinovapa kwaMuri, Ishe, semuranda weNyu, sezvibereko nemabwe anokosha emukorona yeNyu. Vashandisei,

Ishe, kuKuremekedzai, panyika. NemuZita raJesu Kristu. Ameni.

145 Uye imi vaduku, vana, munogona . . . Iye zvino mave kunzwa zviri nani nezvazvo? Munoziva Jesu ari kuzofamba mberi kwenyu pamwe nokukutungamirirai. Hamuzvitendi here? Uye Jesu ari kuzokuitai imi vakomana vaduku saMosesi naMiriami, muporofitakadzi ne—nemuporofita, Achakuitai vanhu vakuru.

146 Zvino, isu vanhu vakura, vakamugamuchira, hatidi here kuti Atitungamire kuendawo mberi, zvakare? Ndinoda kuti anditungamire kuenda mberi, atungamire tsoka dzangu, abate ruwoko rwangu. Munoona? Uye kunyange pandinodzika zasi kurwizi, ndi—ndinoda kunge ndakabata ruwoko rwaKe. Tose tinozvida, handizvo?

147 Jesu Anodikanwa, titungamirireiwo, zvakare, Baba. Iye zvino tiri kugadzirira kupatsanurana mumwe kubva kune mumwe. Ndinofanira kudzokera kuTucson. Ndinofanira kugadzirira misangano iri kuuya. Mwari, ndinokumikidza boka iri revanhu, Hama Leo neHama Gene, nevateveri vose pano, mumawoko eNyu, kuti Mugovaropafadza pamwe nokuvada, nokuregerera kudarika kwavo kwese, nokupodza zvirwere zvavo zvose, nokuramba makavachengeta murudo nekuyanana, pamwe nokukurudzira avo vangadai . . . vaneta. Uye pane dzimwe nguva Satani anogona kuuya ovaita kuti vawodzwe moyo, asi, rangarirai, Makapfuurawo nemune zvimwe chetezvo, kuwodzwa moyo, kurambwa ne—nevarume venyika ino, nevanhu. Uye pane dzimwe nguva shamwari dzepedyosa, kunyangwe kune vehukama, tinorambwa. Asi pane Mumwe chete watasarudza, haAmbofi akatisiya kana kutiramba.

148 Titungamirirei, Ishe, kuHupenyu Husingaperi. Ndinonamata kuti Muchatendera kuti tigokwanisa kuuya pamwe chete kakawanda, panyika, tigotaura nezveNyu nokukurukura nezveNyu. Zvino muZuva guru riya, kana nyika ichinge yapera uye nguva yose yanyangadikira munaZiendanakuenda, dai tikasangana muHumambo hukuru uhu, semhuri dzisina kupatsanurwa, togara pamwe chete mune ramangwana. Zviitei, Ishe. Kusvika pazvichazoitika, dai tikashingaira, nokushanda zvakasimba nesimba redu rose, apo zuva richiri kupenya. Nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Ameni.

149 Mwari varopafadze mumwe nomumwe wenyu. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

Nezano raKe akutungamirirei,
nokukusimbisa,
Nemawoko aKe zvakasimba akuchengetei;
Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

Kusvika tionane! kusvika tionane!
Kusvika tionane patsoka dzaJesu;
Kusvika tionane! kusvika tionane! (Maita henyu, hama.)
Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

Mwari vakuropafadzei mose.

*KUTUNGAMIRIRWA* SHO65-1031A
(Leadership)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga neChirungu Svondo masikati, 31 Gumiguru, 1965, paPine Lawn Trailer Park iri muPrescott, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

# Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org